

# Sou Reklamasyon w La

NYSIF bay chak moun ki fè reklamasyon yon manadjè ka ([case manager](#)) pou kowòdone tretman medikal apwopriye a ak pèman konpansasyon alè.

## Si Ou Blese

Di patwon an oswa sipèvizè a sou aksidan an pi vit posib. Si w pa notifye patwon an, alekri, nan lespas 30 jou apre dat aksidan an, sa ka lakòz yon refi benefis yo. Ranpli Fòm C-3 ak Komisyon Konpansasyon Travayè (WCB).

Pou yon maladi pwofesyonèl, moun ki fè reklamasyon an dwe bay anplwayè a yon avi nan lespas dezan aprè li vin enfim, oswa nan dezan aprè moun ki fè reklamasyon an te konnen oswa te dwe konnen maladi a te gen rapò ak travay.

Yon travayè ki blese ka chwazi nenpòt doktè oswa founisè medikal ki otorize WCB pou bay tretman medikal.

- Pa peye frè a dirèkteman bay doktè a oswa founisè medikal la.
- Swiv enstriksyon doktè a pou w ka reprann ou pi vit.
- Pou akselere pwosesis reklamasyon an, bay NYSIF detay sou aksidan ou, tretman ak pronostik lè yo kontakte w.
- Swiv ak patwon w la pou bay klarifikasyon sou ki lè ou kapab retounen travay, nenpòt chanjman nan kapasite w pou travay oswa sou sitiyasyon travay ou.
- Ou dwe konnen founisè medikal la ka mande w siyen yon fòm ki garanti pèman yon reklamasyon ki rejte si NYSIF oswa patwon an konteste yon reklamasyon.
- Ale nan nenpòt Egzamen Medikal Endepandan (IME) si yo mande w.
- A Patisipe nan odyans si yo avize w pou parèt.

Gade Benefis Rezo pou plis enfòmasyon sou Rezo Medikal ak Rezo Famasi.